



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 5 Mathematics, Book 2**  
**March 6–10, 2006**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Matematik**  
**Liv 2**

Ane **5**

**6–10 Mas 2006**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.



**27**

Genyen 216 pyebwa pou plante nan yon pak. Genyen 54 moun k ap plante pyebwa yo. Chak moun ap plante menm kantite pyebwa.

Konbyen pyebwa chak moun ap plante?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pyebwa

**28**

**Pati A**

Trase tout aks simetri yo sou kare ki anba a.



**Pati B**

Konbyen aks simetri ki ka trase sou kare a?

**Repons** \_\_\_\_\_ aks simetri

***Kontinye***



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.


Richard koupe yon figi nan yon fèy papye. Figi li a dekri anba a:

- Se yon kwadrilateral.
- De ang mezire  $60^\circ$  yo chak, epi de ang mezire  $120^\circ$  yo chak.
- Chak kote genyen menm longè.

Ki non figi ki satisfè tout karakteristik ki endike anwo a?

**Repons** \_\_\_\_\_

Nan espas ki anba a, trase rès fig Richard a.



**30**

Sydney vle achte 5 liv. Chak liv koute \$5,95. Estime apeprè konbyen Sydney ap depanse sou liv yo (pa ajoute taks).

**Repons** \$ \_\_\_\_\_

Sou liy ki anba yo, eksplike Sydney fason pou estime pri total 5 liv yo (pa ajoute taks).

---

---

---

---

---

---

---

***Kontinye***

**31**

Tablo ki anba a montre kantite elektrisite fanmi Quintero te itilize pandan 3 jou. Elektrisite mezire an inite ki rele kilowatè (kWh).

### IZAJ ELEKTRISITE

Jou	Kantite (an kWh)
Lendi	37
Madi	41
Mèkredi	50

#### ***Pati A***

Ki kantite elektrisite ki itilize sou 3 jou?

**Repons** \_\_\_\_\_ kWh

#### ***Pati B***

Pri elektrisite a se \$0,07 pa kWh (kilowatè). Jwenn pri total elektrisite fanmi Quintero te itilize pandan 3 jou yo.


**Montre travay ou.**

**Repons** \$ \_\_\_\_\_



32

Triyang ABC, avèk mezi ang yo bay yo, prezante anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi  $\angle ABC$ ?

**Repons** \_\_\_\_\_ degre

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou ka jwenn mezi ang lan san ou pa sèvi ak yon rapòtè.

---

---

---

---

---

---

***Kontinye***

Tablo ki anba a montre wotè ki obsève pou yon tounesòl sou yon peryòd 6 semenn.

### WOTÈ TOUNSÒL

Semenn	Wotè (an milimèt)
1	1
2	$2\frac{1}{2}$
3	4
4	$5\frac{1}{2}$
5	7
6	$8\frac{1}{2}$

Sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo a pou trase yon graf lineyè sou kadriyaj anba a.

Asire ou

- mete tit sou graf la
- mete etikèt sou toulède aks yo
- trase graf tout done yo
- bay yon echèl pou graf la



***Kontinye***


34



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

**Pati A**

Sue trase oktagòn yo montre anba a.



Ki perimèt oktagòn Sue a an santimèt?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ santimèt

**Pati B**

John trase yon oktagòn. Chak kote te 4 fwa pi long pase oktagòn Sue a. Ki perimèt oktagòn John nan an santimèt?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ santimèt





---

---

Place Student Label Here



**Ane 5**  
**Matematik**  
**Liv 2**

**Grade 5**  
**Mathematics**  
**Book 2**